



Vin patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl sou òf nan lekòl presegondè!

Chè fanmi,

Òf lekòl presegondè yo ap disponib nan MySchools apre lè lekòl jou 3 avril la! Nou envite w vin patisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon vityèl andirèk (live) sou òf ak lisdatant nan lekòl presegondè. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Pandan chak sesyon, nou pral chita pale sou:

- Kòman pou jwenn aksè nan òf lekòl presegondè pitit ou a
- Navige nan lisdatant yo:
  - Mete w sou lisdatant
  - Kòman yo fè òf sou lisdatant
  - Kisa pou fè si w resevwa yon òf sou lisdatant

Se sou menm bagay la y ap pale nan chak aktivite, men **yo pral bay diferan sèvis entèpretasyon nan diferan aktivite** konsa:

- **Jedi 4 avril**, 5pm to 6pm | Sesyon an ap fèt nan lang Anglè ak nan Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Ap gen entèpretasyon nan lang: Bangla, Koreyen, Panyòl
- **Madi 9 avril**, 5pm to 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang Angle ak Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou
- **Jedi 11 avril**, 1pm to 2pm | Sesyon an ap fèt nan lang Anglè ak nan Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Fransè, Ris

**Kòman pou patisipe:**

- Yo ap fè chak sesyon live sou Zoom. Sèlman klike <https://bit.ly/MSSpringEvents2024> lè sesyon an kòmanse epi antre kòd **#123456** pou konekte.
- **Sèvis entèpretasyon:** W ap jwenn nimewo telefòn pou lang y ap bay yo nan [schools.nyc.gov/MS](https://schools.nyc.gov/MS).

**Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?** Visit [schools.nyc.gov/MS](https://schools.nyc.gov/MS). Yon anrejistremant ki gen soutitraj (caption) ap disponib sou sitwèb nou an yon jou apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl presegondè a

Biwo enskripsyon elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).